АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ!

Шамил районалъул газета

# ЦОЛЪИ

Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

№6 (10104)

РУЗМАН

16 февраль 2024 сон

6 ШАГІБАН 1445 СОН

Единство

Газета къватІибе уна моцІида жаниб 4 нухалъ

Багьа эркенаб

■ ТАДБИРАЛ

## Афгъанрагъул ветеранал ракІалдещвеялъе

**15 февралалда ХІебда росулъ тІобитІана Афгъан рагъдаса ахириял рагъулал тІадруссаралдаса 35 сон тІубаялъул ракІалдещвеялъул митинг.**




Юбилеялъулаб тадбиралда гІахьаллъана Афгъаналъул ветеранал НурмухІамад МухІамадаминов ва МухІамад ЛахІдалаев, ХІажи Дибиров, районалъул бетІерасул заместитель Карим Будунов, районалъул маданияталъул отделалъул нухмалъулев ГІ. ГІабдуламухІамадов, гІолилазул ишазул бетІерав специалист М-р. Хатиев, районалъул ветеранауазул Советалъул председателасул заместитель Шарапудин Мусаев, ХІебда школалъул мугІалимзаби ва «Юнармия» къокъаялъул цІалдохъаби. Афгъанистаналда чІварал нилъер районцоязе бараб памятникалда цебе ракІалдещвеялъул тІогъол квацІи лъеялдалъун байбихьана митинг.

Тадбир рагьана ва нухда бачана Гъабдулгъапур ГІабдулмухІамадовас.

Районалъул бетІерасул заместитель Карим Будуновас бицана гьел рагъул саназул ва ракІалдещвеялъул тадбир тІобитІиялъул бугеб кІваралъул.

Хадуб кІалъазе рагІи кьуна районалъул ветераназул Советалъул вакил Шарапудин Мусаевасе. «Нилъеца хІисаб гьабураб мехалъ магІарул мацІалда «рагъ» абураб рагІиялдаса рокьукъаб рагІи батиларо. Щибаб рагъалъ гІемераб зарал гьабуна инсаниятальe. Ккана кІудиял камиял. КІудияб ВатІанияб рагъда бергьенлъи босиялъ дунялалда камичІо тунка-гІусиял. Гьединаздаса ккола Афгъаналъул рагъги. Жакъа нилъеда аскІор руго Афгъаналъул лъабго ветеран. Гьезда бихьараб жо жакъа къоялъ бицине кІолареб хІалалъ буго. Рагъул захІмалъи бихьарасда гурони лъаларо. Нилъеда ва нилъер наслабазда бихьизе хъван батугеги рагъ»,- ян абуна Ш.Мусаевас.

(Хадусеб 2-леб гьум.)

■ ГОЧС ВА ЕДДСАЛЪУЛ ЛЪАЗАБИ

## ЦІадул балагьал цІикІкІунел руго!

**Хаслихъе квач цІикІкІанагІан гІадамаз жаниб гІумру гьабулел минаби хинлъизарула батІи-батІияб къагІидаялъ. ТІурччицІуладаса цІикІкІун гьанже гІемерисел гІадамаз пайда босула токалъ минаби хинлъизарулел алатаздасан. Гьаб хасалил заманаялъ, араб соналъул октябралдаса жакъа къоялде щвезегІан, 13 чІахІиял цІаял ккана. ГьедигІанго цІаял ккана гІиси-бикъинал, ай котельная, баня, сарай ва чердакал ва гь.ц. бакІал рухІиялъул. 11 хъизан-лъимал Гьолокь, ГІасаб, Ругъелда-Хьиндахъ ва Гъогъолъ росабалъ хутІана тІубанго минабиги рухІун, цо тІад ретІараб ратІлилъ, гІага-божаразул минабазда яшав гьабун. Аллагьасде рецц гІадамасе къварилъи ккечІо.**

Пожарный надзоралъул баяназда рекъон цІаял ккеялъе гІилла токалъул кварал ва токалъул алатал руго. Къойилго ахІи базе ккараб хІал буго нилъер. ГІемерисел Советский заманалъго рарал минаби ва тІаде пристройкаби гьарурал, гъоб заманалъго рачарал токалъул кварал, ахирисеб 10-20 соналда жаниб токалъул алатал, ай котелал, водонагревателал, кухонный токалъул алатал ва цогидабги, чанго нухалъ цІикІкІана нагрузка токалде. ХІажат руго нилъее киназего токалъул специалистазул малъа-хъваял. 50-100 ва 200 азарго гъурщил багьаял токалъул алатал, отоплениял, водонагревателал руго рокъоре росулел, амма къанагІат гурони гьечІо 700-800 гъурщил багьаялъул огнетушителал, яги пожарный извещателал 500 гъурущ багьа бугеб. Щивасул рукъалъул кІалтІа букІине рекъараб жо буго огнетушитель.

Араб соналъул, ай 2023 соналъул апрель моцІалъ, районалъул бетІерасул хІукмуялдалъун, администрациялъул гІарцудасан хъизан-лъимал кІудиял ва ресукъал гІадамазул рукъзабахъ лъезе росана ва росабалъ минабахъ лъуна 80 «Автономный дымовой пожарный извещатель». Цо-кІиго магІги къурун минаялъул бокьараб бакІалда, къеда, яги мокърукь бала гьеб.

Нилъер росабалъ, цІадул балагь тІаде бачІиндал гІисинал-чІахІиял батІалъи гьечІо, киналго рахъуна цІа свинабизе. ЦІа рекІиналъул хабар щвейгун ПЧ-43-ялъул гІолахъабиги гІедегІула цІа свинабизе. Амма хІакъикъат цебе буго, кидаго гуро нилъехъа бажарулеб цІадул балагьаздаса бергьине. КІвар кьезе ккараб хІал буго цо-цо росабалъ, жеги хъашго буго лъел нахърателазул гІуцІи, нилъер шартІазда киса-кибего щоларо пожарный машина, нухал гьечІолъиялъ. Пожарный часталъул машинаялъ бачІуна 3 тонна лъел ва гьеб хІалтІизабула 10-15 минуталда жаниб. КигІан хехго къватІире рахъаниги, росаби рикІкІад рукІиналъ, гьоркьохъеб къагІидаялъ пожарныязул машина тІаде щола 20-25 минуталдасан. Нилъеего цІодорлъи ва цІуна-къай гьаби нилъеда тІаса унаро.

ТІоцебесеб иргаялда пожарный надзоралъги, цогидал органазги цІехола сундасан цІа рекІараб ва лъил тасамахІлъи, яги гъалатІ ккараб, гьез чІезабула гІайибияв. Живго бетІергьанчиясул гІайибалдалъун, гьесул хашлъиялдалъун, токалъул алатазде ва кваразде тІалаб гьечІолъиялъ, ккараб цІадул зарал бецІизе законалъ бихьизабун гьечІо. Амма районалъул администрациялъ ва гьелъул хІалтІухъабаз, районалъул росабазул жамагІатаз, учреждение-организациязул хІалтІухъабаз ва «Инсан» фондалъул гІуцІиялъ къварилъи-зарал ккаразе бегьараб квербакъиги кумекги гьабула.

ЦІадул балагьал рикІкІад гьареги, ва цІуна-къай гьабизе тавпикъ кьеги!

**ГОЧС и ЕДДС отделалъул нухмалъулев З.Рамазанов**

■ АБАДИЯЛЪЕ ХУТІАРАЛ ЦІАРАЛ

## ХІурбеков Асилдер (МахІмуд) Гьиматович

**Рагъулал лъугьа-бахъиназул майданалдаса цоги къваридаб хабар щвана районалде.**

**Хасаб рагъулаб операциялда хъулухъ тІубалев вукІарав ТІасабакълъухъа 30 сон барав гІолилав ХІурбеков Асилдер (МахІмуд) къадаралде щун вуго.**

НИЖЕР БАЯН:



*Асилдер ХІурбеков гьавуна 1994 соналъ Шамил районалъул ТІасабакълъухъ росулъ. 2001-2009 саназ цІалана Тарумовский районалъул Кочубей росулъ школа-интернаталда.*

*2009-2011-лел саназ цІалана Таловка росулъ гьоркьохъеб школалда.*

*Школа лъугІун хадуса цІалана МахІачхъалаялда мадрасалда, гьединго, 2011-леб соналъ цІализе лъугьана Каспийск шагьарлда бугеб Строительствоялъул колледжалде.*

*2015 соналъ армиялъулаб хъулухъ тІубазе ана Подмосковьеялде Росгвардиялде.*

*2019 соналъ контрактияб къотІи-къайги хъван, хІалтІизе лъугьана Каспийскиялъул Флотилиялде, Минометная батареялъул ралъдал пехотаялъул 2-леб батальоналда.*

*СВО байбихьаралдаса нахъе рагъулаб хъулухъ тІубазе Украинаялде аразул кьерда тІоцевесезулъ вукІана Асилдер.*

*Гьев вукІана Донецк, Луганск, Мариуполь, Херсон гІадинал бищунго кІвар цІикІкІарал бакІал росулел рагъазулъ. Асилдер мустахІикълъана 1-себ даражаялъул «За военную доблесть» ва «За отвагу» медалазе.*

*Гьесул нахъе хутІана лъабго сон барав вас.*

*Вукъана ХІурбеков Асилдер 13-леб февралалъ гІагараб ТІасабакълъухъ росулъ.*

Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго Асилдерил(МахІмудил) эбелинсуда, хъизан-рукъалда ва тІолабго гІагарлъиялда.

ГІумруялъул бищунго гьайбатаб гІужалда нилъедаса ратІалъулел ругел гІолилал хутІила кидаго нилъер рекІелъ бахІарзаллъун. Хваразе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругезе бихьараб хІехьезе сабру кьеги Аллагьас.

**Райадминистрация ва редакция**

■ ТАДБИРАЛ

# Афгъанрагъул ветераназ ракIалдещвеялъе




(Байбихьи 1-себ гьум.)

Нижеда бихьараблъун буго гьелъул гьитIинабго кесек. Доб заманалде дандеккун нижеда бихьараб гIакъубалъун рикIкIине бегьиларо. Аллагьас цIунайги киналго рагъул балагьалдаса»- ян бицана гьес.

ХIебда школалъул цIалдохъабаз бицана Афгъан рагъул тарихалъул, цIалана кучIдул, ракIалде щвезаруна районцоязул бахIарчилъиялъул.

Митингалъул ахиралда гьенир данделъараз рагъда чIваразе дугIа гьабуна.

ГIолилазул ишазул бетIерав специалист М.Хатиевас гIолилал битIараб нухдаса ине ккани, гьез жиндерго росдал, районалъул ва улкаялъул тарих лъазаби чара гьечIеблъун букIин бицана, гьединго, баркала кьуна тадбиралда гIахьаллъарал цIалдохъабазе ва мугIалимзабазе.

Афгъаналъул ветеран Н.МухIамадаминовас баркала кьуна жидер рагъулаб нух кIочене течIого тIобитIараб тадбиралъе. «Нилъер умумузда КIудияб ВатIанияб рагъда гIемер къварилъи бихьана.

**ГI.ХIАСАНОВА**

■ ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ БУТIАЯЛДА

# Выпускниказул тIоцебесеб хIалбихьи

**14 февралалда нилъер районалъул киналго аслиял ва гьоркьохъел школазул 9-абилеб классалъул цIалдохъаби гIахьаллъана итогалъулаб гара-чIвариялда. Исана гьеб тадбиралда гIахьаллъана 9-абилел классазул 259 цIалдохъан, 4 цIалдохъан батIи-батIиял гIиллабаздалъун гIахьаллъичIо. Гьелде хIадурлъи гьабизе лъайкьеялъул отделалъул специалистас ИС-9-2024-ялда ругел хиса-басиял баян гьабураб материал щибаб школалде щвезабун букIана.**



Итогалъул гара-чIвариялъул хIасилалда рекъон цIалдохъабазе ОГЭ кьезе ихтияр щола. Итогалъул гара-чIвариялъ тIатинабула цIалдохъабазул кIалзул пасихIлъи ва гIурус мацIалда кьураб тексталъул магIна гьабизе бугеб гьунар. Гара-чIвари гьабизе щивав цIалдохъанасе бихьизабураб заман буго 15 минут. Гьеб заманалда жаниб гьабизе ккола 4 тIадкъай. Текст пасихIго цIали, гьелъул кьокъаб хIасил гьаби, сураталдаса ялъуни кьураб тематикияб рахъалдаса гаргар гIуцIи ва экзаменаторасулгун эркенаб гара-чIвари. Щибаб тIадкъаялъе къимат кьезе рихьизарун рукIана хасал баллал. Гара-чIвариялъул хIасилалда «зачет» щвезе ккани, гIаммаб къагIидаялъ босизе ккола бищун дагьаб 10 балл. ЦIалдохъабазулгун гара-чIвариялъул гьаракь хъвала компьютералда ва такрарго халгьабизе битIула республикаялъул ЕГЭ-централде. «Зачет» щвечIезе ва экзаменалда камурал цIалдохъабазе рес буго 13 марталда гьеб цIидасан кьезе.

Итогалъул гара-чIвари байбихьана жиндир заманалда ва калквалал ккечIого тIобитIана.

**Давуд ДАВУДОВ**

■ ПАЙДАЯБ КАЛАМ

# Нилъеца лъимал гогьдаризарулелцин ругодай?

**Жакъа нилъеца гIумру гьабулеб кIудияб ва гIемер миллаталъул ВатIан буго нилъер умумуз биги тIун цIунараб ва гIетIги чвахун тIегьазабулеб бугеб ракълилаб пачалихъ- Россия.**

Эркенлъи хирияб нилъер улкаялде гIемерал чабхъенал гьаруна къватIисел улкабазул тушбабаз, чангоязул къасд букIана ВатIан тIетIезабизе. Амма киналго эпохабазда нилъер бахIарчияб халкъалъ цIунана Россиялъул ракьал, эркенлъи ва чияда бачIолъи.

ЦIакъ цебегоялдаса нахъе колониалиял пачалихъаз рахъулел рукIана чияр хIукуматал. Гьениса бачулеб букIана тIабигIиял бечелъаби, ва ккураб хIукуматалъул гIадамал жододаго цере хIалтIизарулел рукIана лагъзал гIадин, гьел улкаби данде къеркьон эркенлъи щвезегIан. КIудияб ВатIанияб рагъул соназ нилъеца эркен гьаруна тIолалго Европаялъул бакъбаккул улкаби фашистазул зулмуялдаса, гьел хIукуматазул гьариги къабул гьабун.

КъватIисел хIукуматаз, хасго Америкаялъ, Германиялъ цогидазги гьоркьоса къотIичIого къасдал гьарулел руго нилъер хIукумат чIимигI гьабизе, гьелъул бечелъабазда тIад кверщел гьабизе. Нилъер хIукуматалда ругел гIадамал рикь-рикьизаризе, гьел цоцазде рагъизе тIамун, хасго гIун бачIунеб гIел мекъаб нухде рачине. Доб гьоркьохъеб гIасрабазул заманалда гIадин, гIадамазда гъорлъ рикьаби ккезарун, жодоца тIад кверщел гьабизе бигьалъиялъе хIалтIулел руго гьел кидаго. Нилъер ракь, Украиналдаса жанисел фашистал, бандеровцазул кумекчагIиги гуккун байбихьана гьез Украина жодоего бахъизе, Россиялъул ракьалде жанире лъугьине. Нилъ чара гьечIеллъун ккана нилъер ракьал, Украиналда букIараб гIурус миллат цIунизе. Нилъер умумузул кициги бугелъул «течIони катицаги хъат балилан». Нилъер кидаго ракълилаб улкаялъе хIажат гьечIо рагъ. Кинаб салам бугониги гьединаб жавабги букIунелъул. Нилъер хIукуматалъ жаваб кьезе ккана гьеб квешаб, чорокаб политикаялъе.

Нилъер умумузул абиги буго «цеве вугев гIодов ккани, нахъа вугес цIодорлъи гьабулин»- абун. Нилъер хIукуматалъ, хасго гьелъул бетIер В.В. Путиница, тIолабго халкъалъ жигар бахъулеб буго цебе букIараб бухIи-цIоройги бихьун ВатIан тIегьазабизе, къватIиселги жаниселги тушбабаздаса ВатIан цIунизе цебетIураб техникаярагъалдалъун, гIадамазул рукIа-рахъин лъикI гьабун, тIабигIиял бечелъаби пайдаялда хIалтIизарун. Жакъа нилъеца бихьулеб буго ВатIаналда тIолабго дунялалдаго тушбабаз лъугьинабулеб хIалуцараб ахIвал-хIал, щиб гьабуни Россия чуч гьабизе, гьелъул экономика нахъе ккезабизе, нилъерго гIадамал цоцалъ разарун, гьалмагъир багъаризабизе гьарулел ругел инжитал хIиллаби. Гьединлъидал, нилъеца щибаб жоялъулъ цIакъ цIодорлъи гьабизе ккараб заман буго тIаде бачIун. Нилъеда ва гIисинаб гIелалда рихьизе ва лъазе ккола къватIисел улкабазул жасусаз, жидерго яргъил гуч гIечIеб мехалъ, гIахьучIалги рицун, батIи-батIиял алатаздаса пайдаги босун, гIисинаб гIел, хасго гIакълу дагьал, рагъ-къалалде, митингазде, власталде дандечIеязде, ай нилъер улкаялда гIадлу –низам чуч гьабулел гъалмагъиразде гьусулел рукIин. Гьеб кинабго чорокаб политика нилъеда бичIчIизе ккола, нилъ мекъаб нухдаса ине бегьуларо. Нилъ гьаби гуро, гьуса-гьусаралъуре хIапдезе. Нилъер хIукуматалъ гьарулел руго цIакъ кIудиял социалиял кумекал, СВОялда гIахьаллъулезул хъизаназе, лъимал гIемерал хъизамазе ва цогидазе. Лъазабун буго гьаб сон хъизаналъул сонлъун. Нилъее цIакъ хIажат буго гIисинаб гIелалъе битIараб тарбия кьезе, ай ВатIан бокьулел, эбел-инсул, гIисинал-чIахIиязул адабхъатир бугеллъун куцазе. БатIи-батIиял алатаз нилъер лъимал лъугьинарулел руго цIакъ адаб гьечIеллъун, рахIму-цIоб гьечIеллъун, бица-бицаралда ва бихьанщиналда божулеллъун. Советияб заманалда лъимал гIахьал гьарулаан колхоз-совхозазул ихдалил ва хасалихълъиялъул хурулал хIалтIабазулъ: тIор бищизе, картошка бакIаризе, пихъ, бахчаби ракIаризе. Доб мехалъ колхоз-совхозалъ гьабураб кванил нигIматаз хьихьун рукIана шагьарал, армия, детдомал, лъималазулъ лъугьунеб букIана хIалтIуде рокьи, гьабулеб букIана чадил къимат. Студенталкомсомолалъул бригадаби, стройотрядал унел рукIана шагьаразде ва заводал, фабрикал цилинаялде. Гьанже эбел-инсуца, хасго шагьаразда ругез, лъималазда малъулеб жого гьечIо. Цого ОГЭ, ЕГЭ ялде, трубкабазде руссун руго.

Лъимал руго нилъер букIинисеб, нилъ хисизе бугеб гIел. Эбел-эменги хIалтIулел руго гьезие букIиниселъе, ай бечелъиялда, гIарцуда хадур лъугьунел руго. Гьанже тIолабго жамгIияталъе хIажат буго хъизан-лъимал кин хьихьилеб абулеб масъалаялда гуреб, гьел лъималазе кин битIараб тарбия кьелеб абураб суалалда тIад хIалтIизе, лъимал жалго жидедаго рехун течIого, гьоркьоса къотIичIого тарбия кьезе, гьел лъадаризе, захIмат, ВатIан бокьулеллъун куцазе. ХIажат буго нилъер гIемер миллатазул Дагъистаналда умумуз бицунеб букIараб мацIалда лъимал кIалъазе, къваригIун руго магIарулазул тIахьал, газетал цIализе, радиоялъухъ гIенеккизе жалго умумул ва лъималги тIамизе. Эбелалъул рахьдал мацI лъаларел лъималазде метер щибдай абилеб? Цебе шагьаразда ругез риидал лъимал ритIун рачIунаан магIарухъе гьезда магIарул мацI лъазе. Гьанжейин абуни, шагьаралъул лъималаз магIарул мацI кIоченабун росдал лъималазда гIурус малъулеб буго. Лъимал кIухIаллъун унел руго, хIалтIи рихарал лъугьунел руго. Дирго лъималги, гьезулги лъималаздалъун бихьулеб буго дида, гьел гогьдаризарун тарал лъималазул гьечIеб гIадлу, лъадари гьечIолъиялъ.

Аллагьас нилъее тавфикъ кьеги лъимал битIараб тарбиялда куцазе, лъикIабщинаб гьабизе, квешаб рехун тезе.

*ГIадан лъугьине ккани,*
*ТIолго гIумру гIоларо.*
*Амма гIаданлъиялде вахьине,*
*Цо лахIзат гIола!*

*ГIакъиласе вижараб ракь*
*РухIалдаса хиралъула.*
*ВатIан цIунулаго хварав,*
*Хабалъги чIаго вукIуна.*

**(ЦI.ХIамзат, «ГIумрудул дарсал»)**

**МУХIАМАДНАБИЕВ Заирбег Меселович, ТIогьохъ росдал херазул Советалъул председатель**

■ ШИГIРИЯБ ГЬУМЕР

# КIУДИЯВ ШАМИЛИЛ ГЪАЗАВАТАЛЪУЛ НУХККУН



ХIава ТАЙМАСХАНОВА, ТIелекь №1 школалъул байбихьул классазул мугIалим

Лаилагьа иллаллагь, лаиллагьа иллалагь,
Лаиллагьа илаллагь ! Аллагьу акбар!

РагIула ахIулеб берцинаб гьаракь,
Гьоркьоб жубан бугеб чуязул тIваркъи,
ТIаде магIарухъе рачунел нухал,
Щибаб тарихалъе таричIел нугIзал.

Ниж рачIунел руго лебалал васал,
Доб гъазаваталъул рагъул суратгун,
Кьолокь кьуркьудулел чуялги рекIун,
Чабхъаде хIадураб гъалбацIил ракIгун.

Имамасул нухккун инел руго ниж,
Дозул захIмат цIараб цIайи бихьизе,
ЦIцIани хархадулел парсахъан хьвадун,
Хьитал тIад гьечIого тараб нух лъазе.

Нижеца цIехана цIар арал васаз,
ЦIорорал мугIрузда рорчIи кин ккураб,
ГIазул тIагърал тIаса жеги рахъичIел,
Рахъун чIарал нугIзал гъазаваталъул.

Хирияб зиярат, зикрудал гьаракь,
Бисмиллагьги бахъун бухьараб сапар,
Даргъобгун Ведено –шагьидзабаца,
Баракат босараб бахIарчияб ракь.

Доба имамасул свак гьечIеб къеркьей,
Къарнабазе тараб тарихазул лъалкI,
Даргъоялъул хъулбуз имаматалъе,
Тахшагьар гIуцIараб, цIоб гьечIел рагъал.

ШугIайб-хъалаялъул къадахъ рещтIиндал,
Къан каранда арал рагъул суратал,
Жанибе нух гьечIел рохьахъи рахчун,
Муридаз гъурарал гIурус аскарал.

Гъойтемир, СагIаду, Талгих-наибал,
Имамасе хIалай рухI кьун рагъарал,
Капуразул бица багIар гьабураб,
Аксаялде щведал щущана магIу.

Щвана ниж Килалъе, ИчичIарире,
Дангъиз мегIералъе бетIер кьулизе,
ГIабдурахIман шагьид жанив вукьараб,
Абадияб рокьоб къулгьу гьабизе.

Нижер ахIи буго АхIулгохIдасан,
ХIетI чIезе бакI гьечIеб зияратазде,
Занал чIван хIал кIвечIеб, хIал ахираб кьун,
Аллагь рекIелъги ккун шагьидлъаразде.

Шамилил яцалъул яхI тIад бекьараб,
Борхатаб кьурукь чIун дугIа гьабизе,
Гьей жаний ячараб гIурул рагIаллъи
МагIарул ясазе дарслъун букIине.

Нахъе муридзаби къазе теларин,
ЧIиркъатIа рукIарал гIасиял рагъал,
ГIисинал лъималгун цере лъугьарал,
ЯхI лъазе гьабурал мугIрул руччаби.

Нижер сапар буго сверабаз цIураб,
ЦIадул гьужумазда данде рахъарал,
Доба лъимералъул гурхIараб гьаракь,
Эбел, ваче дун кодовейилан.

Доба рагIулеб сас, хвалчадул чапи,
Чуязул хIихIиди, хIалуцун ахIи,
Нахъе къагейилан кьолел буюрухъал,
Кьвагьулел гIарадал, гIодор лъукъарал.

Доле унев имам паркъун цевесан,
Мугъалда гьитIинав СагIитги ваччун,
“Эркенлъи яги хвел” кьварараб гьаракь,
Кьурабаца буго цоцахъе кьолеб.

Ассалам гIалайкум дир шагьидзаби,
Щобазда, кIкIалазда щущан хутIарал,
Хирияб ракьалда ислам цIунизе,
ЦIадареги кIанцIун рухI кьун рагъарал.

ЧIиркъатIа, Хьаргаби ва Унсоколо
Имамас нахъ тарал гIасиял рагъал,
Гьал чодул щанкIлаца тIваркъи лъурабго,
ТIадецин рорхичIищ дол гъазизаби!

Гьале нижер хъатикь гIурччинаб байрахъ
ХьахIилаб зодихъе буго парпалеб,
Заназукь тIупарал яхI бугел чурхдулъ,
ЧилъиялЪ хвасарлъи кьурал рухIазе.

Гьале чалмаги къан, чодул кьолонир,
Кьер гьабун нужехъе хьвадулел васал,
Даргъосан Гъунибе сапар бухьине,
Бухьараб щивасул рекIел къасидат.

Ниж сапаралъ щвана зияратги лъун,
Имамас меседлъун тараб КIкIаратIе,
Меседил чалиялъ жаниб бачараб,
Жамалудин лъураб хобалде щвезе.

Шамилил аманат жаниб цIунараб,
ГIахьвалазул ракьде салам гьабизе,
Гьениб имамасул байрахъ кодосев,
“ЧегIерав ГIумарий” дугIа гьабизе.

Имамасул къолден, къвакIарав гьалбацI,
ГъазимухIаммадил лебалаб хвалчен,
КIкIаратIасан щвараб къуватги бачун,
Къо баччарал рагъал ракIалде щвезе.

АссаламгIалайкум бахIарчияб халкъ,
Гумбет районалъул тIолго жамагIат,
Рочоб хъалаялъул гъазизабазул,
Ирс кодоб босарал мугIрузул цIумал.

Наибасул амру щулаго ккурав,
ХIинкъи-къай лъаларев Абакар-дибир,
Бодулав цевехъан наиб Уцуми,
Сверухълъи мукIурав цевехъан Ражаб.

Хадуб нижер лъалхъи ИчичIалибе,
Имамас хIалбахъи жаниб гьабураб,
Жундул гIадин тIаде бачIараб гIурус,
Ракъи-къечги хIехьон, нахъ чIвазабураб.

Наибалгун Шамил жанив вукIараб,
Рукъалъул гьабуна нижеца хIурмат,
Меседил хIарфаца тIад цIар хъвараб,
Хъарщи тана гьениб тарихалъе лъун.



Хадуб Килалъехун бухьараб сапар,
СогIал кьурабазул сухъмахъаздасан,
ЧIахIиял гьужумал нахъе кьабураб,
Салам кьун жамагIат кIодо гьабизе.

Щулалъаби гIуцIун, окопал рухъун,
Шамилие рухI кьун хIалай рахъарал.
ХIинкъи-къай лъаларел, ккараб борхулел,
МагIарул васазул къан квер бачине.

Гьениб сапаралда, кьурул рагIалда,
ГIодобе бортараб тIелекьесул чу,
Килалъ жамагIаталъ тIаде щвелалде,
Сайгъаталъе кьуна, босун, цоги чу.

Гьале гьунки нилъер магIарулазул,
Ккаралъуб хIал кьолел миллатцоязул,
Бараб ахIулъеги, къо ккаралъубги
КъачIан чIун ратулел иман бугезул.

Ниж рещтIана Инхор зияратазда,
Гъазават борхарал муридзабазухъ,
Шамилил боялъе байрахъ борхулев,
Къокъав Дибирасе дугIа гьабизе.

АхIулгохI бахъизе тIаде харулел,
Капуразул молол квар къотIун тарав,
Гьенисан гIурулъе нус-нусал риччан,
ГIурусазул боял гъурарал лъазе.

Имамас кIудияб къимат гьабурал,
Халилил ва Чегал рухIал рехсезе,
Инхо росулъ ругел зияратазул,
Заназухъ рахъун чIун къулгьу цIализе.

Щвана Кванхидалъе балъхъадерихъе,
ЦIамул улкаялъул тарих цIехезе,
МестIерухъ сордо бан, сапар бухьана,
Бихьизе тIехь гIадаб ТIадмагъилъехун.

КIудияб росдахъе, Изанор щвана,
ГIахьвалазул боде салам битIана,

Ислам цIунулаго шагьидлъаразде,
Щибаб бакIалда чIун дугIа гьабуна.

Гьенисан цIал хьвагIун чуялги тIамун,
ТIаде рахана ниж Лъануб росулъе,
Гьалбалги хирияб, квенги тIагIамал,
ТIадмагIарулалгун гIодор рукIине.

ЦIекIоб жамагIатгун данделъи гьабун,
Зияраталъ ана шайихзабахъе,
Баракат камилал, карамат тIокIал,
ШагIбанилгун, Хизрил ва Мусаласул.

Лъахъ щвараб баракат ХIамзат-афандил,
ХIалкIолъи тIатараб зияраталде,
Машах хъалаялда шагьидлъун хварав
Давудил ГIабдула дугIадулъ ккуна.

Щвана дов цIар арав ХочбарилI ВатIан,
ХIотодасан Имам араб нухдасан,
Наиб ГьитIинасул ирсалъе тараб,
БахIарчияб тарих ракIалде щвезе.

Чабхъаде рахъунел чуязул тIваркъуй,
ТIукъби чIвазе лъураб гамчIихъ рещтIана,
Шамилил наибас щулалъуй бараб,
Гьидерил хъаладухъ лъалхъи гьабуна.

МугIрузул сухъмахъал, согIал кьураби,
Кьерда унел чуял, бачунеб зикру,
Цо кидаялиго бидул гIор араб
КIкIалабахъан унел чуязул хIихIий.

“Аллагьу акбар” -ан ахIулеб гьаракь,
Кьолеб цоцазухъе дандерижиялъ,
Доб гъазаваталъул таричIел нугIзал,
Занабаз рицунел кIочарал цIарал.

Зивурив борхалъи, ТIогьохъ расалъи,
Рорхун байрахъалгун дандчIвай гьабураб,
ТIекьадерил наиб КъебедмухIамал,
ЩобтIа хъалаялъул бицен рагIараб.

Нижер сапаралъе нугIлъи гьабулеб,
КьилимегIералъе салам битIана,
Шамилил щулалъи -кьурул сиртабаз,
Кьварун хал ккун чIараб, нуха регIана.

Гъунире рахараб ахираб сапар,
“ГъалбацI асирлъараб ссанда бер чIвазе,
Гучав пачаясул чукъа фельдмаршал,
ЧIухIун гIодов чIараб гамачI бихьизе’”.

Ахирияла рагъал, ахираб кьеркьей,
Къуват бащалъичIел бидулал рагъал,
ЧIварал, лъукъаразул рикIкIен биларал,
Бидулал иххаца гIурумухъ цIурал.

Цебе чIана сурат кьурул сирталда,
ГамчIаз тушман чIвалел беццал кIиго яц,
Асирлъуде кинго жал унарилан
Меседу, ГIисалай гъоркье кIанцIарал.

Шагьидаллъун хвелин, кверде унгеян,
АхIи бан гьардолел сверухъ мюридал,
Руччаби -лъимадул бугеб ургъелалъ,
Асирлъуде ине тIамураб гали.

Огь, нижер къуватав, къвакIарав Имам,
Кьоло щуго соналъ гъазават лъурав,
Къуват дагьлъизегIан мугIрул росаби,
Чияр кверщаликьа хвасар гьарурав.

Гьале ниж рахана борхатаб Гъунир,
Гъазизабаз цIурал зияратазде,
Зулму-хIал, хIакъирлъи хIехьеларилан,
БахIарчилъиялда шагьидлъарахъе.

Ассалам гIалайкум, мугIрузул тIогьал,
ТIогьоде руссарал сверухъ байдаби,
МагIугун рохалил асар жубарал,
Жакъасеб талихIгун нилъехъе щварал.

Нахъа тана, Имам, дур рагъул нухал,
ГъалбацIил ракIалъул гIолохъабаца,
Кьолокь кьуркьудулел чуялги рекIун,
Чабхъад рахъунелъул асарги босун.

Нижер цевехъанлъун лебалав гъалбацI,
Гьайирбег вукIана нухмалъиялда,
Шамилил нухазда бухьараб сапар,
Мурадалде щвезе хIаракат лъурав.

Нахъа тарал нухлул километраби,
Лъабнусиялда кIикъоялда щуго,
Лъебералда щуго чода рекIарав,
Щиб къо бихьаниги къамартIун чIарал.

Нижгун данде чIвана мугIрул сухъмахъал,
Рахине кIоларел кьурул сиртаби,
Кьерхенги, роцIенги, гьуриги, бакъги,
Кьуркьиго лъаларел гьал росабиги.

Ма ша Аллагь нижер гьабураб хIурмат,
Гьоболасе цIакъал магIарулаца,
Кире щвананиги кIодо гьаруна,
Жиб -жиб росабазул жамагIатаца.

Баракат тIад лъеги тIолго халкъазда,
ТIабигIат берцинаб Дагъистаналда,
Рагъулги кьалулги кьогIал нухазде,
Бухьине ккогеги нилъеца сапар.

■ МИСАЛИЯЛ РАЙОНЦОЯЛ

# ГІадатияв, ритІухъав нухмалъулев

**Лъиениги балъгояб иш гуро жакъасел идарабазул нухмалъулел гІемерисел жидеего щолеб жоялъул гурони, гІадатиял гІадамазул ургъел гьабуларел, жидехъе хІажалъи ккун рачІаразда хъачІго кІалъалел, ай чІухІараб гІамал бугел рукІин. РекІелъ лъикІаб асар хутІула гІадатав, ритІухъав нухмалъулесухъе къваригІелалъ ккедал.**



Гьаб соналъул январь моцІалда дун тІаде къабул гьавуна республикаялъул сахлъи рукІалиде ккезабиялъул больницаялъул (РБВЛ) бетІерав тохтур Загьайилов НурмухІаммадица. Гьесухъе ине ккеялъе гІилла букІана больницаялде (даруяб хІарцул) вегизелъун иргаялда лъезе индал, гьений ятарай ясалъ абуна кІиго моцІалдасан гурони дуде ирга щоларилан. Гьелъул жавабалъ гІажаиблъизавурав дица хІукму гьабуна хІакъикъат лъазабизе бетІерав тохтурасухъе ине. Салам- каламалдаса хадуб дица гьикъана: «ГьадигІан халат бахъун иргаялда чІезе ккеялъе гІилла лъазе бокьилаан» абун. «Декабрь моцІалда больницаялда карантин букІиналъ, унтарал къабул гьарун бажаричІо, гьелъул хІасилалда, иргаялда чІаразул къадарги гІемерлъана». Диде ирга март моцІалъ гурони щолареблъи бичІчІидал, ихдал магІарухъ ах-хуралъул хІалтІабиги байбихьулелъул дихъан бетІерав тохтурасдехун абун борчІана: февраль моцІалъ гІаги рес рекъелародай дун сах гьавизе абун. «Ирга гьечІого мун нижеца къабул гьавуни, мун гІадинав цогидав унтарав къватІив хутІизехъин вуго»,-ян жаваб кьуна НурмухІаммадица.

Гьесул хІалимлъиялъги ритІухълъиялъги хІикмат гьавурав дица; «БичІчІана. Диналъул вацасе заралги гьабун, диего сахлъи къваригІарав чи гуро дун»,-ян гьесдаги абун, дун кабинеталдаса къватІиве вахъана. ЧІухІи гьечІев, ритІухъав бусурбанчияс нухмалъи гьабулеб больницаялъул азбар къотІун унаго, дир каранда ракІ гІажаибго бохун къабулеб букІана! Руго нилъеда сверухъ лъикІал гІадамал, гІемерлъаги гьел къобахъанагІан.

ГЬИДАЛЪА НУРМУХІАММАДИЕ

*Жакъа хъулухъазда хъачІал хІакимал,*
*КъанагІатлъун руго лъикІал гІадамал.*
*РБВЛялъул бетІерав тохтур,*
*Тамашалъи, унго, гьесул гІадатлъи!*

*Гьидерил мухъалъул мустахІикъав вас,*
*НурмухІаммадилгун данчІвай ккана дир.*
*ГІенеккизе кІолев, кІалъазе лъалев,*
*РитІухълъи бокьулев чи вугоан гьев.*

*Аварагзабазе жиб хасиятаб,*
*Гьесул хІалимлъиялъ хІикмат гьавуна.*
*ГІакъилаб каламалъ кантІизе гьавун,*
*Кумек щвечІониги рази гьавуна.*

*Щибаб рагІиялъулъ ритІухълъи бихьун,*
*ГІумарасхІабасда релълъун вихьана.*
*Иман цІикІкІаразулъ цІар Аллагьас хъван,*
*Алжан насиблъулев инсанлъун ккаги.*

**Адабгун, Балахьуниса**
**ГЪАЗИМУХІАММАДИЛ МухІаммад**

■ ИЗВЕЩЕНИЕ

## О начале выполнения комплексных кадастровых работ

1. В период с « 20» февраля 2024 г. по «15» декабря 2024 г. в отношении объектов недвижимости, расположенных на территории: муниципального образования «село Хебда» в пределах кадастрового квартала 05:33:000001 Шамильского района будут выполняться комплексные кадастровые работы в соответствии с государственным контрактом от 30 мая 2023 года № 1621/2023 (дополнительное соглашение №2 от 26 января 2024 г), заключенным между Министерством по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан и ООО «ДагестанКадастрСъемка».

2. Заказчик комплексных кадастровых работ: Министерство по земельным и имущественным отношениям Республики Дагестан;

почтовый адрес: Республика Дагестан, г. Махачкала, ул. Буйнакского, 5;

адрес электронной почты: mio-estate@e-dag.ru номер контактного телефона: 8 (8722) 67-26-57, (8722) 67-20-87.

3. Исполнитель комплексных кадастровых работ: Общество с ограниченной ответственностью «ДагестанКадастрСъемка»;

почтовый адрес: 367026, Республика Дагестан, г. Махачкала, проспект И. Шамиля, д. 15, корп. А, офис1-4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru

номер контактного телефона: (8722)94-00-68.

Сведения о кадастровых инженерах:

фамилия, имя, отчество (при наличии) кадастрового инженера: Алиханов Зелимхан Магомедович;

наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Член СРО «Кадастровые инженера Юга» уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации кадастровых инженеров в реестре членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: НП001339;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 05 июля 2016г.;

почтовый адрес: Республика Дагестан ,г. Махачкала, д.15, корп. А, офис 1-4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: 8-8722-94-00-68 доб.140.

фамилия, имя, отчество (при наличии) кадастрового инженера: Хизриев Хизри Газимагомедович;

наименование саморегулируемой организации кадастровых инженеров, членом которой является кадастровый инженер: Член СРО «Кадастровые инженера Юга» уникальный регистрационный номер члена саморегулируемой организации

кадастровых инженеров в реестре членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: НП001866;

дата внесения сведений о физическом лице в реестр членов саморегулируемой организации кадастровых инженеров: 30 мая 2016 г;

почтовый адрес: Республика Дагестан ,г. Махачкала, д.15, корп. А, офис 1-4;

адрес электронной почты: dagkadastr@mail.ru;

номер контактного телефона: 8-8722-94-00-68 доб.100.

4. Правообладатели объектов недвижимости, которые считаются в соответствии с частью 4 статьи 69 Федерального закона от 13 июля 2015 года №218-ФЗ «О государственной регистрации недвижимости» ранее учтенными или сведения о которых в соответствии с частью 9 статьи 69 Федерального закона от 13 июля 2015 года №218-ФЗ «О государственной регистрации недвижимости» могут быть внесены в Единый государственный реестр недвижимости как о ранее учтенных в случае отсутствия в Едином государственном реестре недвижимости сведений о таких объектах недвижимости, вправе предоставить указанному в пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ кадастровому инженеру – исполнителю комплексных кадастровых работ имеющиеся у них материалы и документы в отношении таких объектов недвижимости, а также заверенные в порядке, установленном частями 1 и 9 статьи 21 Федерального закона от 13 июля 2015 года №218-ФЗ «О государственной регистрации недвижимости», копии документов, устанавливающих или подтверждающих права на указанные объекты недвижимости.

5. Правообладатели объектов недвижимости – земельных участков, зданий, сооружений, объектов незавершенного строительства в течение тридцати рабочих дней со дня опубликования извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ вправе предоставить кадастровому инженеру – исполнителю комплексных кадастровых работ, указанному в пункте 3 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ, по указанному в пункте 2 извещения о начале выполнения комплексных кадастровых работ адресу сведения об адресе электронной почты и (или) почтовом адресе, по которым осуществляется связь с лицом, чье право на объект недвижимости зарегистрировано, а также лицом, в пользу которого зарегистрировано ограничение права и обременение объекта недвижимости (далее – контактный адрес правообладателя), для внесения в Единый государственный реестр недвижимости сведений о контактном адресе правообладателя и последующего надлежащего уведомления таких лиц о завершении подготовки проекта карты-плана территории

по результатам комплексных кадастровых работ и о проведении заседания согласительной комиссии по вопросу согласования местоположения границ земельных участков.

6. Правообладатели объектов недвижимости, расположенных на территории комплексных кадастровых работ, не вправе препятствовать выполнению комплексных кадастровых работ

и обязаны обеспечить доступ к указанным объектам недвижимости исполнителю комплексных кадастровых работ в установленное графиком время.

7. График выполнения комплексных кадастровых работ:

| № п/п | Место выполнения комплексных кадастровых работ | Время выполнения комплексных кадастровых работ |
|---|---|---|
| 1 | муниципальное образование «село Хебда» в пределах кадастрового квартала 05:33:000001 | 20.02.2024 г. – 15.12.2024 г. |

**Отдел экономики администрации МО «Шамильский район»**


ЦОЛЪИ

БЕТІЕРАЙ РЕДАКТОР
**МухІамадова ПатІимат Шапиюлаевна**
**тел: 2-22-09**
**код: 887259**

**ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ**
ГьитІинова ПатІимат Жамалудиновна

**КОРРЕСПОНДЕНТАЛ**
Д.Давудов
ТІ. МухІамадов
ГІ.ХІасанова

**ФОТОКОРРЕСПОНДЕНТ**
МухІамад ХІамзатов

**РЕДКОЛЛЕГИЯ:**
П. ГьитІинова,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухІамадов.

**НАБОР**
М. ГьитІиномухІамадовалъул

**ДИЗАЙН - ВЕРСТКА**
Марьям ГІисаевалъул

Газета гІуцІарал: Муниципалияб гІуцІи «Шамил районалъул» администрация

Учредители: Администрация муниципального образования «Шамильский район»

БатІи-батІиял соназда газета къватІибе бачІунеб букІана "ЦІияб канлъи" ва "БагІараб цІва" абурал цІаразда гьорк.

Газета хІадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул миллияб политикаялъул, информациялъул ва къватІисел бухьеназул министерствоялъул "ГУП РГЖТ" типографиялда; Петр-І къватІ, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована Федеральной службой по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций (Управление Роскомнадзора по РД) Регистр. номер ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде кьураб заман 16.00
ХІакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде- кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал материалал газеталда рахъула, гьезие общественносталь кьимат кьезелъун. Нижер электронияб почтаялъул адрес: gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издатаелсул ва редакциялъул адрес: РОССИЯ, Республика Дагестан, Шамил район, ХІебда росу Имам Шамилил къватІ 50